




LKPD BAHASA JAWA

CRITA WAYANG
"KARNA MADEG SENAPATI"

PIWULANG 2

NAMA SISWA :

NO. ABSEN :



KELAS

LIVEWORKSHEETS

LATIHAN PIWULANG 2

“CRITA PANDHAWA”

Karna Madeg Senapati

Wonten ing perang Baratayudha, Adipati Karna saking Kadipaten Awangga aben ajeng kaliyan Raden Arjuna saking Madukara . Perangipun Satriya kalih wau dipun priksani dening para dewa saha para widadari saking akasa. Adipati Karna nyaketi Raden Arjuna, Arjuna tansah enget piwelingipun Prabu Kresna ing Dwarawati, bilih Arjuna sampun ngantos kenging kerangkul dening Adipati Karna. Sasampunipun perang, sarana numpak jaran, ngantos perang jemparing. Kaprigelan olah jemparing satriya kekalih punika nggumunaken sanget dhateng ingkang sami ningali.

Isinen ceceg-ceceg ing ngisor iki kanthi jawaban kang bener !

1. Satriya kalih ing wacan ndhuwur yaiku ... lan
2. Raden Arjuna satriya saking
3. Adipati Karna kuwi atmajane Dewi Kunthi kalayan Dewa Surya. Atmajane iku tegese
4. Adipati Karna gugur ketaman pusakane Arjuna kang aran
5. Kusiripun Raden Arjuna nalika tandhing inggih punika...
6. Perang Barathayuda yaiku perang antara ... lan ...
7. Perang Barathayuda manggon ing ...
8. Adipati Karna iku satriya ing ...
9. Adipati Karna iku putrane ... lan
10. Apa sebabe karna gelem mbelani Hastina ...
11. Adipati karna kalebu drajating Wasu tegese ...
12. Sapa kang di utus Phandawa dadi senapati ...
13. Raden Gathutkaca iku satriya ing
14. Adipati Karna lan Raden Gathutkaca wis pada bandayuda. Bandayuda tegese ...
15. Adhipati Karna gugur amarga kena pusakane Arjuna kang arane ...

Wacanen teks ing ngisor iki kanggo jawab no. 16-20 !

Adipati Karna

....

Nalika lair, Adipati Karna dilarung ing kali banjur ditemu dening kusir kraton jenenge Adirata, diwenahi jeneng Wasusena. Bareng wis diwasa, Karna dadi adipati ing Awangga sawise ngalahake Prabu Karnamadra , raja ing kadipaten kasebut. Adipati Karna kagungan garwa asmane Dewi Surtikanti lan kagungan putra Raden Warsa Kusuma. Pusakane kang ampuh yaiku Panah Kuntawijayadanu, uga kagungan kuda minangka titihan kanga ran Ciptaplanagati. Kapethik saking Wasita Utama Basa Jawa

16. Adipati Karna iku adipati ing....

- a. Ngastina
 - b. Ngawangga
 - c. Madukara
 - d. Mandura
17. Pusakane Adipati Karna kang kawentar ampuh yaiku ...
- a. Pasopati
 - b. Cakra
 - c. Gada Rujakpala
 - d. Kunta Wijayadanu
18. Raden Warsa Kusuma iku putrane
- a. Raden Janaka
 - b. Prabu Duryudana
 - c. Prabu Kresna
 - d. Adipati Karna
19. Sanalika wonten dewa ing ngantariksa ingkang tumedhak maringi topong Raden arjuna, sareng ngagem topong wujudipun Raden Arjuna sami persis kaliyan Adipati Karna. Mila lampahan punika dipunwastani
- a. Karna Gugur
 - b. Karna Tandhing
 - c. Karna Dhuta Ngastina
 - d. Karna Madeg Senapati
20. Gambar wayang ing ngisor iki yaiku



- a. Raden Sadewa
- b. Raden Werkudara
- c. Raden Janaka
- d. Raden Nakula